ФОРУМ



**Цолъи гIадаб къуват гьечIо ракьалда....**

Стр. 2

ПИКРУ

**Заманаялъул лъимал ва цIар лъезе лъалареб гIел**



Стр. 3

# ЛЪАРАТIА




ЛъаратIа районалъул газета

№11-12 * июль 2016 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 20 гъ.


*байрам*

# ЦIАМАГIУРИ - МУГIРУЛ ФЕСТИВАЛЬ



**Гьале исанаги тIобитIана нилъер районалда иргадулаб, республикаялъул нухмалъулес щибаб лъагIелалъ тIобитIулеб мугIрул фестиваль ЦIамагIури. Нилъеда лъала республикаялъул бетIерас цIикIун кIвар кьолеб культураялъе, бичIчIизабула гьеб бугин инсанасе тIоцебе хIажатаб, инсанасда гIумруги, хьвада-чIвадиги, рукIа-рахъинги, тарихги, гIадаталги малъулеб, инсан лъугьинавулеб хIужалъун.**

Араб соналъ фестиваль тIобитIичIо ЦIамагIуриб, рукIун ратила гьелъие гIиллабиги. Исана гьеб байрам лъугьана халкъалъе хасаблъун. Гьеб берцинаб мугIрул борхалъиялда 28 июлалда цохIого цо ЦIамагIури фестиваль гуреб, цадахъ тIобитIана районалъе 90 сон тIубаялъул байрамалъул тадбирги. Гьединго исанасеб сон нилъеда лъавухъе, республикаялъул бетIерас лъазабун букIана мугIрузул сонлъун, гIезегIан кIудиял гIиллаби ратана магIарухъеги щвезе мугIрулги кIодо гьаризе. ГIемераб халкъ гьенибе щвеялда хIикмалъи гьабулев чи вукIинчIо, щайгурелъул цересел соназги ругьун гьабуна халкъ гIемераб гIалам бакIарараб данделъиялде.

Щвана республикаялдаса гIемерал хIакимзаби, республикаялъул ХIукуматалъул председатель ГIабдусамад ХIамидов, Халкъияб собраниялъул председателасул тIоцевесев заместитель Юрий Левицкий, Пачалихъияб Думаялъул депутат ГIумахан ГIумаханов, культураялъул министр Зарема Бутаева, мустахIикъав футболалъул тренер Валерий Газзаев, Халкъияб Собраниялъул депутатал, министрал, шагьаразул ва районазул бутIрул, пресса ва гь. ц.

Гьединго данделъиялде щвана гIемерал гьалбал мадугьалихъ ругел республикаяздаса, Севернияб Осетиялдаса, Кабардаялдаса, Азербайджаналдаса, Ростовалдаса ва Ставрополалдаса. Районалъул щибаб администрациялъул бутIруз къачIана жидерго росабазул, жидерго мухъалъул участокал. Гьениб цебе лъураб миллияб кванил нигIматал, некIсиял алатал гIарцудаса, цIуладаса ва хIарщудаса гьарурал сияхIал, миллияб ретIакъаялда гIолохъабигун ясал ва гь.ц. АскIосан унаго битIахъе цо 19 абилеб гIасруялде ккарал гIадаб асар гьабулеб букIана рекIее.

Культурияб программа бачунел кочIохъаби, кьурдухъаби киназего хIурмат гьабун столазда нахъе руссинарун бажарараб кIваркьей гьабуна росабазул бутIруз ва гьезул кумекчагIаз. Кутакаб кеп кьуна халкъалъе палугьанлъиялъул гьунарал рихьизарулел гIолохъанал лъималазгун, гьитIинал тумазул ясаз. Республикаялъул бетIерас цIакъго кIудияб къимат кьуна гьезие, хасго палугьаназе. РукIана гьединго тIоритIулел батIи-батIиял хIаял, къецал: ядро рехиялъул, кIанцIиялъул, волейбол хIаялъул ва гь.ц. Роолил завал бугониги къо лъугьана я бакъ гьечIеб я цIад гьечIеб, бищунго байрамалъе лъикIаб. Гьелъ батила киналго республикаялдаса гьалбал ва кIудиял хIакимзаби киналго миллияб ретIакъаялда, чухъаги ретIун, хьвадизе щибниги квал-квал букIинчIо.

Рамазан ГIабдулатIиповас цеве вахъун кIалъалаго тIоцебе абуна, исана



республикаялда кIодо гьабулеб бугила мугIрузул сон гуреб, мугIрузда гIумру гьабулезул сонги.

Рамазан абдулатипов: «Владимир Высоцкий пел, Лучше гор могут быть только горы, но я перефразировал его строку, Лучше гор могут быть только горцы. МугIрузда гIадамал ругебгIан мехалъ, мугIруз цIунила жидерго берцинлъи. МугIрул рехун тани гьел сверила гIалхулал гохIазде. Гьединлъидал нилъер аслияб ахIи буго ахирал сеназда мугIрул рехун тоге, цIуне нилъер гIадаталги, нилъерго гIамалги, тарихгун культураги. Дица баркала кьолеб буго нилъерго умумузе, щайгурелъул гьез цIунана нахъе цолъи ва ВатIаналде рокьи. Социалиябгун экономикияб рахъ цебе тIезабила, нухал гьарила, кьоял разе бегьула, амма бищунго кIвар бугеб жо буго жидерго халкъалде рокьи ва гьелъул тарих лъай, гьебги буго нилъерго миллат лъай, гIадатал цIуни, миллияб кечI, ретIа-къай, кьурди, чIахIиязул хIурмат гьаби, гIисиназул адаб цIуни, хъизан-лъимал рокьи ва гь.ц. Гьеб кинабго нилъеца ургъараб гуро, гьеб буго гIасрабазул такрарлъи. Нилъее жакъа бищунго кIвар бугел суалазул цояблъун буго нилъерго пачалихъалъулгун, цоги миллаталгун цолъи, гьеб мехалъ нилъ лъугьина цолъараб пачалихълъун.

Жакъа нилъ гьаб борхалъуда бугеб майданалде ракIарун руго нилъерго цолъи, ВатIаналде рокьи ва рекъелгун эркенлъи бокьулеб халкъ букIин бихьизабизе. Дие бокьун буго дир 70 сон тIубараб юбилеялда цебе дирго росдае, районалъе, Дагъистаналъе ва Россиялъе баркала кьезе дирго цIар кIодо гьабизе ва инсул цIар цIунизе кIудияб рес кьуралъухъ». ГIодор чIараз кутакалда хъат кьабун кIодо гьаруна республикаялъул бетIерасул рагIаби.

Гьединго Рамазан ГIабдулатIиповас абуна гьабсагIаталда республикаялда ругел хиса-басиял ругила халкъалъул гIумру цебетIезе, хIабургъараб замана нахъе тезе, Дагъистан цебетIезе гьарулел. Ахиралдаги такрар гьаруна гьес Владимир Путинил рагIаби «Когда мы вместе, мы-Россия»-абун. Гьединаб лъугьана иргадулаб мугIрул фестиваль ЦIамагIури.

*(4-5 гьумералда балагье ЦIамагIуриса фоторепортажалда)*

**РАСУЛ АБАКАРОВ**



*форум*

# ЦОЛЪИ ГIАДАБ КЪУВАТ ГЬЕЧIО РАКЬАЛДА....

*ЛъаратIа районалъул депутатазул форум тIобитIана*

**Июнь моцIалъул 24 абилеб къоялъ ЛъаратIа культурияб рукъалъул кIудияб залалда тIобитIана тIоцебесеб районалъул ва росабазул депутатазул форум, ай сессия гуреб цо хасаб данделъи. РакIарана росабалъа депутатал, районалъул депутатал, кинабго районалъул элита ва республикаялдаса гьалбал. Гьоркьор лъуна кIвар бугел гIадал суалал ва гьаруна гьезда тIасан бахIсал.**





Цере рахъун кIалъалезул ва докладал цIалулел хIакимзабазухъ гIенеккарабго бичIчIулеб букIана, киназго цо кIалалъ гIадин ахIулеб буго жамагIат цолъизе ва республикаялъул бетIерасул политикаялда хадур рилъине. Аслияб кIвар бугеб масъала бугила цолъун, гъункараб жамагIатлъун рукIине, цоцазда гьоркьоб ракI хвей биччангутIи ва ракълилаб гIумруялъул къимат гьаби. Гьеле гьеб пикруялда сверухъ тIобитIана данделъиги.

Форум байбихьана кинабго залалда гIодоб чIараб хъалкъги президиумалда нахъа ругел хIакимзабазги, рахъун чIун тIоцебе улкаялъул ва хадуб республикаялъул гимналдаги гIенеккун. ТIоцеве кIалъазе вахъана районияб собраниялъул пред-



седатель ГIабдула ГIабдулаев. ГIодор чIаразе ва тIаде рачIарал гьалбазе саламги кьун гьес байбихьана жиндир доклад. ГIабдулагьил докладалдаса бичIана цо пикру - гьесул ракIабазда рекъон, битIараб политикияб нухде район щвезе бугила республикаялъул нухмалъулесда хадур рилълъани. ГьабсагIат тIоцебе хIажат бугила районалъул депутатал цолъун, аслиял, кIвар бугел ва унтарал масъалаби цере лъей ва гьел цадахъ лъугьун тIуразари.

ГIабдула ГIабдулаев: «Нилъеца тIокIаб рес кьезе бегьиларо районалъул жамагIаталъе ва ЛъаратIа газеталъе депутатал какун кIалъазе. Цо нухалъги нилъее «роботал» абун цIар щун буго. Гьелъие гIоло щивав депутатасе кIвар букIине ккола халкъалъул рукIа-рахъиналъул ва ракI-ракIалъ бокьизе ккола гьабулеб хIалтIиги районалъул жамагIаталъул суалал рорхиги. Гьелъие гIоло вищарав вуго щивав депутатги».

Районалъул бетIер Ражаб Ражабовасул пикруялда рекъон, кIвар бугел суалазул цояблъун буго нилъ аскIор ругел Грузия ва Азербайджан хIукуматалгун гIорхъода рукIин, гьединлъидал щивав районалда гIумру гьабулев чиясда тIадаб бугин нилъер ракьалда хIалхьи ва гIадлунизам цIуни. Киналго цадахъ лъугьун гурони бажарулеб хIалтIиги гьеб гурила.

Гьединго форумалда кIалъазе цере вахъана Халкъияб собраниялъул депутат, нилъер ракьцояв Джамал ГIумаров. Гьесул рагIабаздасанги бичIчIана цо пикру: гIицIго районалъул ва Халкъияб собраниялъул депутатазда тIаде балагьичIого, кьварун хIалтIи гьабизе кколила росабазул депутатаз ва гьединго бегавулзабаз, цебетIезабизе ккола росдал магIишат ва росдал рукIа-рахъин. НекIсиял гIадатал ва умузул адаб цIуни рехун тезе бегьиларила. Росу кидаго букIанила кинабго улкаялъул гIалам хьихьулеб бечелъилъун. Гьединлъидал районцоязе хIажатаб буго республикаялъул бетIерасда хадурги рилъун, гьесдаса мисалги босун хIалтIизе. Гьединаб лъугьана исана тIоцебесеб районалъул депутатазул тIоцебесеб форум.

**Расул АБАКАРОВ**

*заседание*

# ГIАДАТИЯБ ГУРЕБ ДАНДЕЛЪИ

*Районалъул иргадулаб сессия тIобитIана*

**28 июналда ЛъаратIа администрациялъул кIудияб залалда тIобитIана иргадулаб, щибаб моцIалъ тIобитIулеб данделъи. Заседание бачунев вукIана районалъул бетIер Ражаб Ражабов. ГIодор чIаразул хал-шалги гьабун гьес байбихьана данделъи. ТIоцебе районалъул бетIерес байбихьана районалъул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIезабиялъул хIакъалъулъ бицине.**



Гьесул пикруялда рекъон экономикагун социалияб рахъ цебетIезабизе ккани, районцоязулгун рагьараб кIалъай гьабизе кколила кIварабгIан гIемер. Гьединго росабалъе щун жамагIаталъулгун данделъаби гьаризе кколила. Нилъеда лъала цереккунги гIемерал гьарун рукIана росабазда данделъиял, рикIкIада ва гьединго районалда аскIоса гIебеде ругел росабалъеги щун. ЖамагIаталъулгун рагьараб кIалъай гьабизе кколила щивав бегавулас ва росабазул депутатаз.

Гьеб пикруги бичIизабун районалъул бетIерас хIукму гьабуна данделъиялде кватIарал хIакимзабазе бадирчIваял гьаризе. Ахираб нухалъги гьес бичIизабуна цойги нухалъ заседаниялде кватIарал чагIи жанире риччачIого чIезаризе ва тамихIалде цIазе. РекIелъ ияхI гьечIила заседаниялде кватIулел хIакимзабазул абун ахIана бетIерас микрофоналдасан. ГIодор чIаразул щур-щур бахъана гьев жакъа кеп гьечIого, настроение хун вугилан цоял, арал къоязда республикаялъул хъахIаб рокъоб тIобитIараб данделъиялда гьесие бадирчIваял щун ругилан цогидал, ахIи-хIур гIемерлъана. Цинги гьес гIодор чIаразда республикаялъул бетIерасул приоритетал лъалел ругищали цIехрех гьабуна. Цониги росдал бетIер яги цониги идараялъул нухмалъулев тIадеги вахъун рикIкIичIо республикаялъул бетIерасул приоритетал. Ахиралда Гитинов ГьитIинамухIамадида цIехон, гьес квеш-лъикI рикIкIана анкьго приоритет. Хадусел данделъиязда гьикъизе бугила бокьарав гIодов чIарасда, лъачIев хIалтIудаса батIа гьавилин хIинкъаби кьуна. Гьедин цо ццидахараб байбихьи лъугьана гьеб заседаниялъул. Цебеккун гьединаб сурат данделъабазда букIинчIо.

Гьединго данделъиялда гьоркьоб лъун букIана цоги суал, СанигIортIа администрациялъул бетIер Аюб ГIумаровасул доклад. СанигIортIа росдал социалиябгун экономикияб цебетIей, росдал жамагIаталъулгун кинал данделъаби тIоритIарал ва кигIан хIалтIи гьабураб бегавулас гьеб администрациялъул бетIерлъун вугебгIан мехалъ.

Аюбица рехсана гьарурал киналго хIалтIаби, гьезда гьоркьоса рехсезе бегьула цIияб шагьранух ТIохьотIа росулъа тIасияб ТIохьотIа росулъе, СанигIортIа кверalъ бухъун тIибитIун бараб мини-футболалъул площадка, киналго росабалъ цIияб лъим бахъана ва ЦIумилюхъ росулъ бана цIияб волейболалъул площадка ва гь.ц.

Хасаб бербалагьи бугила росабалъ гIадлу-низам цIуниялда сверухъ. Гьарулел ругила данделъаби, собраниял щибаб росулъ. Гьединго кIудияб кIвар кьолеб бугила сахлъи цIуниялъул, лъай кьеялъул ва физкультураялъул рахъалъги.

**Расул АБАКАРОВ**

*поздравление*



## Живи, Тлярата!

Уважаемые жители Тляратинского района!
Уважаемые коллеги газеты «Тлярата»!

Поздравляю вас с праздником – 90-летием со дня образования вашего района.

Тляратинская земля – родина многих жителей нашего Тарумовского района, которые достойно трудятся, которыми мы гордимся.

В честь вашего знаменательного праздника примите искренние стихотворные строчки.

Гор первозданных красота,
Земля над речкой – Тлярата.
Здесь люди гордые живут,
И родники живые бьют.

Родник «Алдана» здесь журчит,
И «Къулгадухъ» всех исцелит.
Здесь на камнях растут цветы,
И облака – словно мечты.

Загадочна ты и проста,
Земля под «лъаром» – Тлярата.

О тляратинцах я пою,
Что край прославили в бою.

Тех, что район и отчий дом
Прославили своим трудом.

О, Тлярата! Сто лет живи,
Мечтай, люби, дерзай, твори!
На радость людям процветай,
Край тляратинский, горный край!

**С уважением, главный редактор Тарумовской районной газеты «Рассвет», член союза журналистов России Леся ПРОКОПЕНКО.**

*пикру*

# Заманаялъул лъимал ва цIар лъезе лъалареб гIел

**Цересел кагътаЛъ, блокноталда, тетрадазул тIутIурал тIанчалъгун дневниказда ратула цоял 1990 абилезул, хадусел - нилъер къоязул бицарал хъвай-хъвагIаял. Гьезул цо-цоял жакъасеб къоялъе кIвар гьечIел, актуалиял гурел темаби рукIун рищникъулалъуре уна.**



Цогидал ратула цIалдолезул диваналде росизесел гIадал. ЦIакъ бокьилаан дие гьаб гъоркьехун кьолеб макъала жакъасеб Дагъистаналъе рекъолареблъун батизе. Щай? Щай гурелъул гьаниб бицунеб буго кинабгIаги хасаб гьунар гьечIел чагIи эбел-инсул квер-чIваялъ, кумекалъ, "гъоркьан - ратIа, тIасан - бох" кьолеб гIелмуялъ тIараде рачиналъул. Гьелдасаги квешаб, кадровияб политикаялъулъ тухумчилъиялъул. Хъвай-хъвагIаял дирго блокнотаздаса руго, масъала добго хутIун буго.

"БачIун бугеб замана, бичIчIулареб - гьоркьохъеб..." абурал кочIол мухъал ракIалде рачIана анкьил ва моцIил цIиял харбазухъ, лъугьа-бахъиназухъ, гIадамазухъ, кIалъаязухъ валагьарабго. РекIеда хъатIулеб калам дагь буго, кIвар буссинабизе гIадаб лъугьа-бахъин бихьулеб гьечIо.

ГIадамал, цIарал, гьурмал ва гьез бицунебгун гьабулеб жо буго цоцада релълъараб, цо коцониб тIураб, чIамучIаб ва чIалгIараб. СССРалъул заманаялда эркенлъиялъе гIурхъиги, рагIуе цензураги, ишазе ва инициативаялъе изнуги хIажат букIана, пачалихъалъул бер ва квер щолареб бакI букIинчIо. "Партия сказала надо, Комсомол ответил «есть»!!!" абураб игIланалда гъоркь букIана кинабго. Гьеб нухмалъиялда релълъараб рукIана гIадамал ва рукIа-рахъинги.

Эркенлъиялъ ва цIияб заманаялъ чанги гвангъарал цIаралги, кьеркьерал лъугьа-бахъиналги, роххелги пашманлъиги, лъикIабги квешабги кьуна нилъее. Амма ахираб 10 соналда жаниб парахалъиялда цадахъ цо бичIчIулареб ахIвал-хIал, цIар лъезе лъалареб заман ва гIел гIун бачIунеб бугин кколеб буго. ГIадада бижараб батиларо гьеб заманалда "нулевые" абураб цIарги.

Россиялъул политикияб карталда 20 соналъ нахъе инчIого цохIого персонажал руго. Дагъистаналдаги гьединго букIана ва жакъаги буго. ГIелаз гIелал хисун, умумуз лъимал малъулун кьолел рукIана ва жакъаги руго тахбакIалги мандаталги. Гьеб кин букIунеб абураб суалалъе баян кьуна цо гара-чIвариялда Рамазан ГIабдулатIиповас: "Щай МухIамадсалам МухIамадов, Иляс ГIумаханов ва Хизри ШихсагIидов лъугьарал лъикIал нухмалъулеллъун? Щай гурелъул гьезул лъабавго гIуна нухмалъиялъул ахIвал-хIалалда. МухIамадсаламилгун Илясил умумул рукIана республикаялъул нухмалъулеллъун. Хизрил вац вукIана обкомалъул секретарлъун, гьенисан бачIараб буго хIалбихьи" - ян. Гьал руго Рамазанил рагIаби, дица гьазие къимат яги баян кьеларо. Кьезе рекъарабги гьечIо. Амма щивав чиясул букIина гьалда хурхун жиндирго пикру, рагIаби Рамазанил руго газеталда бахъараб гара-чIвариялдаса. Гьездего рачIарал рагIаби такрар гьаризе лъугьана цIех-рехалдаса лъутилелде цеве "Черновик" газеталда букIараб данделъиялда вице-премьерасул хъулухъалда вукIарав Абусупян Хархаровас.

Щай кадровияб нахърателалда гIицIго хIакимзабазул лъимал ругелин гьикъарабго гьев хIикматав инсанас абуна гьадин: "Гьениб гIажаиблъи гьабизе жо щиб бугеб? Генетикаха... Лъай бугел умумузул лъай бугел лъимал рукIун...". ГьечIищха гIакъилаб жаваб? Жакъа гьев "лъай бугев" инсуе цIех-рехалъул цIакъ гIемер суалал рагIула порталдаги, риларал гумуздаги, гIарцудаги хурхун. Гьесул лъималаз эмен хисилищ хъулухъалдаяли абизе кIоларо.

Амма жакъа гIемерисел хIакимзабаца кIвараб жо гьабулеб буго тахбакI лъималазухъе кьезе. Араб соналъул ахирисеб Халкъияб Собраниялъул сессиялда цо гIажаибаб сурат бихьана дида. Спикерас рагIи кьуна Казибеков абурав депутатасе. Цеве вачIана цо цIакъго гIолохъанав вас. Гьес цо суалалда тIаса доклад гьабулеб букIана.

Залалда вугев цо бетIер хъахIав чияс ишара гьабун жиндего аскIове ахIана телеоператор, ишара гьабуна доклад гьабулев вахъеян ва жинцаго гьев телефоналъ вахъулев вукIана. Щив гьев чияли баян гьабурабго ватана залалда телефонгун ЖКХялъул министр Ибрагьим Казибеков, докладчик - эменги министрлъун ун гьесул бакIалда депутатлъун вачIарав гьесул вас. Доб бацIица чан гьабизе тIинчI ругьун гьабулеб гIадаб хIисаб бугоан Дагъистаналъул тIалъиялъул.

Щалха рачIине ругел чанго соналдаса нилъер нухмалъуде? РачIине руго жидерго гьумер, гьаракь, хатI, гIамал ва рагIи гьечIел, инсуца сияхIазулъ цIарал хъван мандатал щварал, тахбакI бичун босун хъулухъ кьурал гIадамал. Дица гIадада абун букIинчIо байбихьуда кIвар буссинабизе гIурал ишалги, цIаралги, лъугьа-бахъиналги ратулел гьечIин. Гьеб тайпаялъул гIадамал тIарада гIемерлъун.

Гьезда рекъараб букIинарищ нухмалъи ва ишал? МагIарулазул аби буго, "хIанчIида рекъон букIуна би" - абураб. Гьеб чIобогояб бакIалда бижичIеблъи нилъее баянлъула гIадамалги, гьезул ишалги, хIасилалги рихьараб мехалда. Нахъойги такрар гьарила поэтасул рагIаби: "БачIун бугеб замана – бичIчIулареб - гьоркьохъеб".

Хабар лъикIаб рагIайги!

**МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ**

*цIиял харбал*

# Гьукъал росулъ цIияб мажгит рагьана

**Июлалъул 30 абилеб къоялъ Гьукъал росулъ тIобитIана цIияб мажгит баялъул кIудияб, диниияб мажлис. Гьале Аллагьасул кумекалдалъун рагIалде бахъана кIудияб, баракатаб хIалтIи.**



Мажлисалда гIахьаллъизе рачIана рикIкIадал росабаздасаги гIемерал гIалимзаби, дибирзаби ва мутагIилзаби. ЛъаратIа динияб идараялъул хаслъи буго киса-кирего цоцае хIалае хIадураб, вацлъиялъулаб цолъи букIин. Гьединлъидал гIажаиблъи гьабичIо мажлисалде гIемер халкъ бакIарун букIиналда. Гьеб районалъул жамагIаталъе гIадатаблъун лъугьун буго. Мажгит базе квербакъи гьабуна Гьукъал росдал жамагIаталъ ва гьединго Аллагьасдаса хIинкъулел, садакъа кьолел, квер гIатIидал районцояз. Гьелъул хIасилалда нилъеда бихьулеб буго берцинаб, кIитIалаяб мажгит, киналго хIажатабщинал шартIалги жанир ругеб.

Мажлисалда гIахьаллъи гьабуна гIицIго идараялъул гурел ва гьединго районалъул нухмалъулезги.

Районалъул бетIер Ражаб Ражабовас баркана Гьукъал росдал жамагIаталда цIияб мажгит рагьи ва гьединго



квербакъи гьабуна районалъул администрациялъул рахъалдасаги.

Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна Курах районалъул делегациялъ, Шамиль-хIажи ГIумаровасул бетIерлъиялда. Гьев ккола Гьукъал росулъа гIалимчи, ГIумахан-хIажи АхIмадов - Гьукъал росдал имам ва гьел гурел цогидалги.

Кутакалда берцинал ва рекIее асар гьабулел вагIзаби рагIулел рукIана цере рахъарал гIалимзабазул кIалъаялъулъ.

Гьукъал росулъа кIудияв чи, ХIажи Халиловас баркала кьуна кинабго росдал рахъалдасан мажлисалда гIахьаллъаразе ва гIемераб садакъа-хайраталда лъугIизабуна мажлис.

*фоторепортаж*

# ЦIАМАГIУРИ — МУГIРУЛ ФЕСТИВАЛЬ






















ГЕРЕЛЬСКИЙ»
АСП «КАМИЛЮХСКИЙ»
Томурдинский




АСП «КОЛОБСКИЙ»




ГОРЦЫ
ФОРУМ
ЦАМАУ
V МЕЖДУНАРОДНЫЙ







# ПРОКУРАТУРА информирует:

## 1) Особенности труда несовершеннолетних

06.07.2016

Особенности трудоустройства лиц в возрасте до 18 лет определяются трудовым законодательством, коллективными договорами, соглашениями.

Согласно ст. 63 Трудового кодекса Российской Федерации (далее – ТК РФ) прием на работу несовершеннолетних по общему правилу допускается по достижении ими возраста 16 лет, снижение возраста до 14 лет для заключения трудового договора, допускается с соблюдением дополнительных условий: заключение трудового договора в свободное от учебы время; легкий труд, не причиняющий вреда здоровью и не нарушающий процесса обучения, согласие одного из родителей и органа опеки и попечительства.

Защищая права несовершеннолетних работников на благоприятные условия жизни и здоровье, ТК РФ РФ предусмотрены особенности регулирования труда работников в возрасте до 18 лет.

В соответствии со ст. 265 ТК РФ запрещается применение труда несовершеннолетних на работах с вредными и (или) опасными условиями труда, на подземных работах, а также на работах, выполнение которых может причинить вред их здоровью и нравственному развитию (игорный бизнес, работа в ночных кабаре и клубах, производство, перевозка и торговля спиртными напитками, табачными изделиями, наркотическими и токсическими препаратами). Перечень таких работ подлежит утверждению в порядке, установленном Правительством Российской Федерации с учетом мнения Российской трехсторонней комиссии по регулированию социально-трудовых отношений.

Применение труда лиц моложе 18 лет на работах, включенных в Перечень, запрещается во всех организациях, независимо от отраслей экономики, а также организационно-правовой формы и формы собственности.

Лиц, не достигших 18-летнего возраста, не допускается привлекать к работам, выполняемым вахтовым методом (ст. 298 ТК РФ), а также по совместительству (ст. 282 ТК РФ). Они не могут заключать трудовой договор с религиозной организацией (ст. 342 ТК РФ), а так же быть принятыми на работу, связанную с применением или использованием материальных ценностей, письменные договоры о полной индивидуальной или коллективной (бригадной) материальной ответственности заключаются только по достижении 18 лет (ст. 244 ТК РФ). При приеме указанных лиц на работу испытание с целью проверки их соответствия поручаемой работе не устанавливается (ч. 4 ст. 70 ТК РФ).

Указанные лица принимаются на работу лишь после предварительного обязательного медицинского осмотра и в дальнейшем до достижения возраста 18 лет подлежат ежегодному обязательному медицинскому осмотру для определения их пригодности по состоянию здоровья к поручаемой работе. Такие осмотры осуществляются за счет средств работодателя (ст. 266 ТК РФ). Так же предусмотрена сокращенная продолжительность рабочего времени: для работников в возрасте до 16 лет – не более 24 часов в неделю; в возрасте от 16 до 18 лет – не более 35 часов в неделю. Продолжительность рабочего времени учащихся образовательных учреждений в возрасте до 18 лет, работающих в течение учебного года в свободное от учебы время, не может превышать половины указанных выше норм (ст. 92 ТК РФ).

Ежегодный основной оплачиваемый отпуск работникам, не достигшим 18-летнего возраста, предоставляется продолжительностью 31 календарный день в любое удобное для них время (ст. 267 ТК РФ). Перенесение отпуска на следующий год запрещается (ст. 124 ТК РФ). Не допускается досрочный отзыв таких работников из отпуска (ст. 125 ТК РФ), замена отпуска денежной компенсацией (ст. 126 ТК РФ).

В соответствии со ст. 268 ТК РФ работодателю запрещается направлять работников в возрасте до 18 лет в служебные командировки, привлекать к сверхурочной работе, к работе в ночное время. В целях восстановления здоровья, способностей, утраченных в результате трудовой деятельности законодатель ограничил право работодателя использовать их труд в выходные и нерабочие праздничные дни.

Нормы выработки для работников в возрасте до 18 лет устанавливаются исходя из общих норм выработки пропорционально установленной для этих работников сокращенной продолжительности рабочего времени (ст. 270 ТК РФ). Для работников моложе 18 лет, поступающих на работу после окончания общеобразовательных учреждений и образовательных учреждений начального профессионального образования, а также прошедших профессиональное обучение на производстве могут утверждаться пониженные нормы выработки (ст. 270 ТК РФ). Порядок оплаты труда работников в возрасте до 18 лет при сокращенной продолжительности ежедневной работы зависит от вида оплаты труда. При повременной оплате труда заработная плата указанным работникам устанавливается пропорционально отработанному рабочему времени. Работодателю разрешено за счет собственных средств производить им доплаты до уровня оплаты труда работников соответствующих категорий при полной продолжительности ежедневной работы (ст. 271 ТК РФ). Лицам не достигших 18 лет запрещается переноска и передвижение тяжестей, превышающих установленные для них предельные нормы (ст. 265 ТК РФ). Такие нормы подлежат утверждению в порядке, установленном Правительством РФ, с учетом мнения Российской трехсторонней комиссии (ст. 265 ТК РФ).

При расторжении трудового договора с работниками, не достигшими 18-летнего возраста, наряду с соблюдением общих норм ТК РФ, регулирующих порядок расторжения трудового договора, необходимо выполнять и определенные требования, установленные законодателем.

В соответствии со ст. 269 ТК РФ расторжение трудового договора с работниками в возрасте до 18 лет по инициативе работодателя (за исключением случая ликвидации организации или прекращения деятельности индивидуальным предпринимателем) допускается только с согласия соответствующей государственной инспекции труда и комиссии по делам несовершеннолетних и защите их прав. Согласие указанных органов должно быть получено работодателем до издания приказа об увольнении.

Трудовой договор с несовершеннолетними может быть расторгнут по требованию их законных представителей, а также органа опеки и попечительства.

При наличии оснований полагать, что увольнение является незаконным, работник вправе обратиться в суд с иском о восстановлении на работе, взыскании заработной платы за время вынужденного прогула, компенсации морального вреда. Несовершеннолетние в возрасте от 14 до 18 лет вправе лично защищать в суде свои права и законные интересы. Суд вправе привлечь к участию в деле их законных представителей в соответствии с ч. 4 ст. 37 ГПК РФ.

## 2) Сумма единовременной выплаты семьям из средств маткапитала увеличена

04.07.2016

В 2016 году граждане, получившие сертификат на материнский капитал, могут обналичить из него 25 тыс. рублей. Выплата предоставляется семьям при условии, что второй ребенок или последующие дети родились до 30 сентября 2016 года включительно.

Семьи, уже потратившие часть маткапитала, могут забрать наличными остаток средств, в том числе, если он меньше 25 тыс. руб. Средства маткапитала при этом должны быть потрачены на установленные законом цели, в частности, на улучшение жилищных условий, получение образования ребенком (детьми) или формирование накопительной пенсии матери и на приобретение товаров и услуг, предназначенных для социальной адаптации и интеграции в общество детей-инвалидов.

Новыми правилами предусмотрено, что выплаты из средств капитала могут быть получены не только родителями, но и старшими детьми за младших (если родители умерли, либо были лишены родительских прав, либо совершили в отношении ребенка умышленное преступление и т.д.). Такой порядок возможен, если старшие брат или сестра до 30 сентября 2016 года достигли возраста 18 лет или приобрели дееспособность в полном объеме (например, вступили в брак до совершеннолетия в случаях, допускаемых законом (п. 2 ст. 21 ГК РФ).

## 3) Введены Правила осуществления взаимодействия в электронной форме граждан и организаций с органами государственной власти

01.07.2016

Постановлением Правительства Российской Федерации от 09.06.2016 № 516 утверждены Правила осуществления взаимодействия в электронной форме граждан (физических лиц) и организаций с органами государственной власти, органами местного самоуправления, с организациями, осуществляющими в соответствии с федеральными законами отдельные публичные полномочия.

Правилами определен порядок осуществления взаимодействия в электронной форме граждан (физических лиц) и организаций с органами государственной власти, органами местного самоуправления, с организациями, а также требования к такому взаимодействию.

Органы государственной власти, органы местного самоуправления, а также организации, осуществляющие в соответствии с федеральными законами отдельные публичные полномочия, в пределах своих полномочий обязаны предоставлять по выбору заявителей информацию в форме электронных документов, подписанных усиленной квалифицированной электронной подписью, независимо от формы или способа обращения заявителей, за исключением случаев, если иной порядок предоставления такой информации установлен федеральными законами или иными нормативными правовыми актами Российской Федерации, регулирующими правоотношения в установленной сфере деятельности.

Указанные органы и организации при предоставлении заявителям информации в форме электронных документов обязаны обеспечивать защиту такой информации от несанкционированного доступа, изменения и уничтожения в соответствии с требованиями законодательства Российской Федерации.

Документ вступил в силу с 22.06.2016.

## 4) Средства материнского капитала могут быть направлены на социальную адаптацию детей-инвалидов

29.06.2016

С 1 января 2016 вступил в силу Федеральный закон от 28.11.2015 №348-ФЗ «О внесении изменений в Федеральный закон «О дополнительных мерах государственной поддержки семей, имеющих детей», согласно которому средства материнского капитала на компенсацию приобретения товаров и услуг для социальной адаптации и интеграции в общество детей-инвалидов, а также перечень таких товаров и услуг будут устанавливаться Правительством Российской Федерации.

Подтверждением приобретения товаров для социальной адаптации и интеграции в общество детей-инвалидов могут являться: договор купли-продажи, товарный и кассовый чеки, а также акт о проверке наличия такого товара, составленный органом социальной защиты населения по месту жительства ребенка-инвалида.

Социальный работник, который в соответствии с Федеральным законом от 28.12.2013 № 42-ФЗ «Об основах социального обслуживания граждан в Российской Федерации» прикреплен к ребенку-инвалиду, может осуществлять проверку факта приобретения товаров при плановом посещении ребенка.

Установлено, что семьи, воспитывающие детей-инвалидов, вправе воспользоваться средствами материнского капитала на указанные цели, не дожидаясь исполнения ребенку, в связи с рождением которого возникло право на дополнительные меры государственной поддержки, возраста трех лет.

**Помощник прокурора района**
**юрист 2 класса**
**Г.В. САСИЕВ**

*к вашему сведению*

# МФЦ Тляратинского района сообщает:

**Уважаемые предприниматели и сельхозпроизводители Тляратинского района**

В целях повышения доступности получения государственных и муниципальных услуг для юридических лиц и индивидуальных предпринимателей Минэкономразвития России разрабатывает концепцию организации деятельности МФЦ, путем взаимодействуя представителями бизнес сообщества.

Поддержка субъектов малого и среднего предпринимательства является одним из главных направлений, которое сегодня активно развивается в МФЦ. Разработана комплексная программа "МФЦ для бизнеса", которая включает в себя широкий комплекс услуг для бизнес-структур. Она насчитывает 114 видов услуг, в рамках которых предприниматель может получить помощь различного характера на любом этапе ведения бизнеса, который включает в себя предоставление не только государственных и муниципальных, но и дополнительных (сопутствующих) услуг, начиная от регистрации индивидуальных предпринимателей и юридических лиц, до получения разного рода форм господдержки:

- оказание бесплатной консультационной помощи по выбору организационно-правовой формы;
- подготовка и прием документов для регистрации ООО, ИП, а также для их прекращения и ликвидации;
- прием оплаты госпошлины в пунктах приема платежей МФЦ;
- консультационная и организационная поддержка сельскохозяйственных товаропроизводителей в сфере организации и развития бизнеса, получения различных видов господдержки: на развитие овощеводства, консервной промышленности, на приобретение сельскохозяйственной техники, раскорчевку многолетних насаждений, поддержку племенного животноводства;
- консультации по разработке и внедрению инвестиционных проектов, в том числе бизнес-планов и бизнес-проектов;
- информирование предпринимателей об изменениях в законодательстве, о типичных ошибках и нарушениях, допускаемых при ведении бизнеса, о новых финансовых инструментах, разработанных специально для малого и среднего бизнеса.
- возможность получения консультации и помощи юриста по возникающим вопросам на любом этапе ведения бизнеса и многое другое

Преимуществом обращения в многофункциональный центр является отсутствие беготни, экономия времени предпринимателя, отсутствие прямого контакта с чиновником, исключение коррупционной составляющей, а также подача минимального пакета документов для получения услуги. Специалистом МФЦ проводится информирование заявителя о ходе его дела на каждом этапе.

# Можно использовать часть средств из материнского капитала

**Федеральным законом от 20 апреля 2015 года «О единовременной выплате за счет средств материнского (семейного) капитала» №88-ФЗ утверждена единовременная выплата 20000 рублей за счет средств материнского (семейного) капитала, предусмотренная антикризисным планом Правительства РФ на 2015 год.**




Лица, получившие в соответствии с Федеральным законом от 29.12.2006 №256-ФЗ «О дополнительных мерах государственной поддержки семей, имеющих детей» государственный сертификат на материнский (семейный) капитал и проживающие на территории Российской Федерации, имеют право на единовременную выплату за счет средств материнского (семейного) капитала в размере 20000 рублей в случае, если право на дополнительные меры государственной поддержки в соответствии с Федеральным законом «О дополнительных мерах государственной поддержки семей, имеющих детей» возникло по 31 декабря 2015 года включительно независимо от срока, истекшего со дня рождения (усыновления) второго, третьего ребенка или последующих детей (ст. 1 ФЗ «О единовременной выплате за счет средств материнского (семейного капитала №88-ФЗ).

Единовременная выплата гражданам, получившим государственный сертификат на материнский капитал и проживающим на территории России, предоставляется:

— в размере 20 тысяч рублей, если указанная сумма не превышает размер остатка денежных средств по сертификату на дату подачи заявления;

— в размере фактического остатка, если размер оставшейся суммы мат. капитала в результате его использования составляет менее 20 тысяч рублей.

Заявление о предоставлении единовременной выплаты подается в территориальный орган Пенсионного фонда Российской Федерации непосредственно либо через многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг не позднее 31 марта 2016 г.

Единовременная выплата перечисляется в безналичной форме на счет заявителя, открытый в российской кредитной организации (банке). Сумма остаточных средств по сертификату при этом будет уменьшена на размер фактически произведенной выплаты, после чего будет подлежать ежегодной индексации на общих основаниях.

Данная разовая мера социальной поддержки семей, имеющих детей, может быть направлена на любые текущие нужды семьи.

Повторная выплата 20 тысяч рублей из материнского капитала уже запланирована на 2016 год, однако сроки ее предоставления пока не известны.

*сахлъи – инсанасул бечелъи*

# БАКЪУЛ УНТИ (малярия) бахиналдаса цIуне нужго



**Всемирная организация здравоохраненияялъул (ВОЗ) хъвай – хъвагIаялда рекъон дуниялалда 3 миллиард чи вугила бокьараб заманалда бакъул унтуца жал унтизе бегьулел гьезда гьоркьоре уна Африкаялъул, Азиялъул, Латиназул Америкаялъул гIадамал. Гьаб тIадехун рехсараб (ВОЗ) организациялъул хъвай – хъвагIаялда рекъон дуниялалда унтула 200 мл. гIагарун чи, гьезда гьоркьоса 600 азарго чи холилан бихьизе гьабун буго.**

Гьал ахирал соназ бакъул унтуде данде гьабулеб рагъ цIикIкIиналдалъун 2000 соналда данде ккун гьеб унти дагьлъизабизе кIванила 25%.

Гьеб унти дунялалда тIобитIиялъе гIиллалъун ккола, гIемерал гIадамал цо хIукуматалдаса цоги батIи – батIиял хIукуматазде хьвади, дунялалъул тIабигIат хиси, бакъул унти бахине гьабулел кIкIарабазул тIанчIи гьезда данде гьабулел дарабазде ругьунлъи.

Гьединлъидал камулел гьечIо нилъер республикаялдаги, цогидал хIукуматаздасан рачIарал гIадамаз цадахъ бачун бачIараб унтуца бакъул унтиялъ унтарал гIадамазул хъвай – хъвагIай.

Бакъул унти (малярия) буго бакъул унтиялъул кIкIарабаз (хIанчIиялдалъун) унтараздасан сахал гIадамазде бахунеб унти.

Унти баккаралдаса гьеб загьирлъизегIан заман халат бахъине бегьула I4 къоялде щвезегIан.

Бакъул унтиялъ унтарав чиясде сири бачIуна, бетIер унтизе лъугьуна, гIемерисеб мехалъ радалалдасанго байбихьун.

Гьеб халат бахъула 2 сагIаталъ цинги сири къотIула, чорхол цIакан бахуна 38 – 40 градусалде щвезегIан ва гьеб халат бахъула 6 сагIаталъ. Гьелдаса хадуб унти дагьлъула, гIемераб гIетI чвахула ва цIакан гIодобе ккола, унтарасе бигьалъи бачIуна. Сундасан унти бахарабали хал гьабун, гьедин сири бачIине бегьула къо гьоркьоб бахъун, 2 къо гьоркьоб бахъун яги щибаб къоялъ.

Унтарав сах гьавизе хехго байбихьани, сири хехго лъугIула. Гьединлъидал сах гьаризе ккола гьоркьоса къотIичIого, дурусго тIуразаризе ккола врачасул киналго рихьизарiял.

БитIараб къагIидаялъ сах гьаричIони цо заманалдасан сири цIидасан бачIине бегьула. Гьединлъидал лъан букIине ккола сири къотIи тIубанго сахлъиялъул гIаламат гуреблъи.

Гьединлъидал бакъул унтиялдаса цIуниялъе аслияб жолъун ккола унтарал гIадамал лъазари ва гьел сах гьари, кIкIарабазда данде рагъ гьаби (гьел тIагIинари, тIинчI лъугьине гьукъи).

Бакъул унти ккезе бегьулел къватIисел улкабаздасаго рачIарал гIадамаздалъун, гьел чагIи гьабсагIатго медицинаялъул учреждениялде ине ккола унтун ругищали хал гьабизе.

Бакъул унтуца унтарал гIадамал аскIор ругони, гьеб унтиялдаса кин цIунилел?

Гьелъул цого – цо бугеб тадбир ккола кIкIарабаз хIанчIиялдаса цIуни. Гьелъие гIоло киналго тадбирал гьаризе ккола кIкIараби тIагIинариялъе, гIадамал чIарал рукъзабахъе гьел гьукъизе, нагагь жанире роржун рачIарал чIваялъе.

КIкIарабазул тIинчI лъугьине гьукъиялъе пайда босулел каналал, хIорал, гIисинал хьуцIал ва цогидалги лъим чIарал бакIал лъугIизаризе ккола щайгурелъул гьитIинабго хIорчIелалдаги кIкIарабаз тIинчI лъезе бегьулелъул .

ГIадамал чIарал рукъзабахъе кIкIараби роржинчIого рукIине гордазда ва нуцIбузда сетка ккезе ккола.

Нилъер заманалда гьеб унти гьечIониги дагьал чIахIиял гIадамазда гьеб унти лъикI лъала хасго гIурул мухъ ккун ругел росабазул чагIазда.

Бакъул унтиялде данде рагъ гьабиялъулъ медицинаялъул хIалтIухъабазе кIудияб кумек гьабизе ккола гIадамазги.

ХьуцI бугеб бакIал тIагIинаризе, гьел ракъвазаризе: цIакан бахарал унтаразул хIакъалъулъ гьеб сагIатго медицинаялъул учреждениязда лъазабизе.

Гьеб киналъулго кIудияб кумек буго бакъул унтиялде данде рагъ базе ва гьелдаса цIунизе.

**ЦРБялъул тохтур - инфекционист**

# БахІарчияб хвел

Июналъул анцІабилеб къо лъугьана нилъер районалъул жамагІаталъе цІакъго пашманаблъун. Гьебгъуда росулъе унеб кьода аскІоса гІурулъе машинаги гирун хвана ЧІилда росулъа ХІажимурадил вас ИмамухІамад. Машина гІурулъ жаниб чехьатІадеги рехун букІана. Шофер жанивищ вугев, гІоралъищ восарав лъаларого балагьун чІараб жамагІатги букІана.

Цониги чияс таваккал тІамулеб букІинчІо гІурулъе лъугьине. Амма ЧІилда росдал участковый, Гъукъалса Исрапилил вас Рамазаница жинцаго гьарун, жив гьеб бакІалъул участковый вугоян, бакІаб груз борхулеб краналъул стрелаялдеги вухьун виччана лъелъе. Тросги тІун гьалагаб гІурулъеги ккун, шагьидияб хвел щвана мунагьал чураяв Рамазан.

Районалъул жамагІаталъ гъваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго Рамазанил гІагарлъиялда.

Кьеги Аллагьас нилъее гьединал бахІарчиял ва гьунар тІокІал, хІажаталъур бер къачІого кумекалъе рахъине хІадурал васал.

Мазада росулъа поэт АхІмад СултІанахІмадовас Рамазание хъварал кочІол мухъал гьанир рехсей лъикІаблъун бихьана нижеда.

Районго хІайранав ХІалиматил вас,  
ХІалае вахъине къачІан вукІана.  
Къо тІаде гІунтІараб лъазе кІвечІого,  
Лъугьана лъелъе мун итаркІо гІадин.

Лъураб дур масъала букІана къучІаб,  
Кьурулъан гъорлъе мун лъелъе унаго.  
Унтулеб букІана каранда дур ракІ,  
РакІалда гьечІого гІурулъ ккаразухъ.

ГІумрудул сонал дур гІемер рукІинчІо,  
ГІадамаз кІалалъ мун рехсананиги.



Россиялъ Рамазан дур цІар ахІилин,  
Гьелъий щакав гьечІо, щулаго лъала.

Щвайги дуй ахират Аллагь разияб,  
Иман рекІелъ бугеб лъебелазул цІум.  
ЦІализе биччанте гІорода дур цІар,  
ГІолохъабаз, хераз ва гІун рачІулез.

ГІодуге ХІалимат, къулуге бетІер,  
КъвакІи кьурул бугев вас дуца кьуна.  
Угьдуге Кумсият квер босе кьварун,  
Кьелин гьелъий къимат дагъистанияз.

ЧАКЪАЛОВ



# Салимханиде

**РукІана, рукІана, рукІана чагІи,**  
**Чодаса рехана цІакъ гІолохъанго**  
**ГІурул лъим гьекъолел чундул рихьигун,**  
**Гьезул чурхдул дида ракІалда щола.**

**Р.ХІАМЗАТОВ.**

Рана зоб тІун цІадал, гъугъана зобал,  
Цо пашманаб хабар бачІунеб гІадин.  
Бихьинал гІунараб, цІуял гІодулеб,  
БакІаб къо рещтІана Къамилухъ росулъ.  
ГьечІо, нилъедаса ватІалъана дов,  
РекІараб цІа гІадав цоги гІолилав.  
Гьадинал рукІине кколин бихьинал,  
Вихьизе Аллагьас ракьалда кьурав.  
Умумузе васал, лъудбузе росал,  
Камуна гІемерал нилъер росабалъ,  
Дур хвел бодуеги, районалъеги,  
Гьудулзабазеги кІудияб ками.  
Камила ТІомурда горсвериялда,  
РакІ пана гьабулеб дур пандрил макъан.  
Камила тІолалго гьудулзабазе  
ХІажаталъуб щолеб щулияб дур квер.  
ГІолохъанав гьудул, гІумрудул нухда,  
ГІемерал дандчІвана дида гІадамал.  
Амма мун гьездаса хасав вукІана,  
Дур Аллагьас кьураб цо къартІ букІана.  
Мун дандчІвараб мехалъ кколаан дида,  
ГьечІин дунялалда жахІдаги цинги.  
Кьерхарал къоязда бакъул нур гІадаб,  
Гьими букІана дур рекІелъ босулеб.  
ЦІикІун гвангъараб нур, хехго сунилан,  
Абулеб рагІана магІарухъ дида.  
Гьедин гІумруялъул кун хехго тІурав,  
Абадияб рокъов вохун таги мун.

**Рамазан БИСАВГІАЛИЕВ**

*спорт*

# Мини-футболалъул рахъалъ районалъул чемпионат

**Июлалъул 31 абилеб къоялъ тІобитІана Гъукъал росулъ мини-футболалъул рахъалъ районалъул чемпионат.**






Турнир тІабитІана республикаялъул бетІер Рамазан ГІабдулатІиповас 70 сон тІубараб юбилеялда хурхун. Гьеб турнир гІуцІиялъе тадбир гьабуна ЛъаратІа районалъул администрациялъ ва МахІачхъалаялда бугеб Бузай Ибрагьимовасул цІаралда бугеб спортивияб школалъул директор ХІабиб ГІабдулаевас.

Гьединго турниралда гІахьаллъи гьабуна Каспийск шагьаралъул мэрасул заместительДжамал ГІабдулатІиповас, МахІачхъала шагьаралъулаб собраниялъул депутат Зубаир ГІабасовас, МахІачхъалаялъул спорталъул, туризмалъул ва гІолохъанаб гІелалъул ишазул комитеталъул нухмалъулев Марат Ибрагьимовас ва ЛъаратІа администрациялъул нухмалъиялъ.

Турниралда гІахьаллъи гьабуна 28 командаялъ, батІибІатІиял росабалъа. Киналго командабаз бихьизабуна хІалуцараб кьеркьей, амма рищунго къуватаз чІел босана. Гьелъул хІасилалда лъабабилеб бакІ ккуна Къардиб командаялъ, кІиабилеб бакІ Белъелда командаялъ ва тІоцебесеб букІ ккуна ЦІемар росдал командаялъ.

Бергьарал командабазе кьуна тІадегІанал шапакъатал, гІарцул сайгъатал, граммотаби ва медалал.

ЧАКЪАЛОВ

# Лъица кин гІумру гьабулеб?

**Нилъер гІемерисез рикІкІуна гІарабазул улкабазда кинаб бугониги демократия абураб жо гьечІин, гьениб тІалъиялъ халкъалда mlад зулму гьаби, чІвай-хъвей ва цогидабги вахІшилъи гІадатаб жолъун лъугьун бугилан. Гьединал гІунгутІаби камурал бакІалги ратиларо гьениб. Амма цо-цо гьадинал хІужабазда бер чІвайдал бичІчІула нилъ мекъи рукІин. Гьаниб кьолеб буго монархиялъулаб пачалихъ СагІудиязул ГІарабиялда хІукуматалъ халкъалъе чІезарун ругел шартІал:**

- медсестраялъул харж - 10000 доллар;
- щибаб цІи гьабураб лъимералъухъ кьола 70000 доллар;
- цІигІуцІараб хъизамалъе кьола 64000 доллар квартира босизе;
- жалго бетІергьанаб, хасаб бизнес рагьизе бокьаразе гьабула 5000 доллаЛъул кумек;
- чІахІиял налогал лъезе гьукъун буго;
- медицина ва лъай кьей чІезабун буго чІобого;
- улка тун къватІибехун цІали ва стажировка букІуна пачалихъалъул хІисабалдасан;
- гІемер лъимал ругел хъизамазе хасал тукаби рукІуна учузаб багьаялъул кванил нигІматал ричулел;
- заман арал кванил нигІматал ричаралъухъ лъола цІикІкІараб къадаралъул штраф;
- аптекабазул цо бутІа букІуна дараби чІорого кьолеб;
- гьересиял дараби (подделка) гьаруралъухъ чІвазе къотІула;
- квартираялъухъ гІарац кьезе кколаро;
- мехтулел гьекъолел жал гьаризе ва ричизе гьукъун буго;
- машина ва рукъ босизе росарал кредитазде тІаде процентал рачІунаро;
- риэлторазул хъулухъал гьукъун руго;
- босараб машинадул бащадаб багьа бецІула пачалихъалъ, халкъияб ополчениялъул гІахьалчагІазе 65 проценталъ;
- бензин букІуна лъедаса учузго, 1 литрадухъ-0,14 доллар.

**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гІуцІарал:** ЛъаратІа районалъул администрация ва редакциялъул хІалтІухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цІуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хІужаби ритІарал рукІиналъул жавабчилъи тІаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечІого рукІинеги бегьула.

**Адрес редакции:** 368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать: по графику: 19.00 фактически: 19.00 29.07.2016
Заказ ____________